



**SOAP**  
Society for Obstetric  
Anesthesia and Perinatology

# Enfòmasyon konsènan peridural pandan Tranche ak Akouchman: Kesyon Ou yo Reponn

## Yon pwodwi Komite Edikasyon Pasyan

Translated by Chantal T. Edmond, BS, MA, Anne-Sophie Janvier, MD  
and Chantal Pyram-Vincent MD, MPH, FASA

April 2024

Nou kwè chak fanm ansent dwe gen zouti pou pran desizyon ki enfòmè e desizyon ki bay pouvwa.

Li enpòtan pou diskite desizyon sou soulajman doulè pandan tranche ak equip swen sante ou yo, epi pou yo reponn kesyon espesifik ou yo.

Desizyon pou ou pran yon peridural se chwa pa ou epi ou ta dwe lib pou chanje lide nan nenpòt pwen pandan tranche a.

Enfòmasyon sa a ta dwe sèvi kòm yon gid. Chak enstitisyon ap gen pwotokòl pa yo. Enfòmasyon sa pa ranplase pratik enstitisyon'w la.

Tranche chak fanm inik.



## KISA YON PERIDURAL (EPIDURAL) POU TRANCHE YE?

Yon peridural pou tranche ak akouchman enplike mete yon tib plastik trè mens (epesè kèk cheve), ke yo rekonèt kòm yon “katetè peridural” nan ba do yon fanm. Katetè a chita tou pre nè ki pote siyal doulè nan mwal epinyè a, men li mete anba kòd epinyè a. Plis pase 60% nan fanm Ozetazini resevwa yon epidural pou akouchman. Li se fòm ki pi efikas nan soulajman doulè ki disponib pou tranche, li ka itilize pou ijans tankou akouchman pa sezaryèn si sa rive.

### Konbyen tan li pran pou jwenn soulajman doulè?

Li ka pran apeprè 10 minit pou mete ekipman an plas pou mete peridural la. Lè yo mete li, li ka pran 5-20 minit pou jwenn bon soulajman doulè. L'heure peridural ou an plas, li posib pou ajiste dòz la jan sa nesèsè pandan tout tranche a.

### Ki diferans ki genyen ant yon peridural ak yon rachi ak yon rachi-peridural konbiné?

Pandan yon pwosedi peridural, docteur anestezi la ka chwazi bay yon dòz medikaman pou doulè nan likid epinyè a, imedyatman anvan yo mete katetè a (tib plastik la). Yo rele sa yon “rachi-peri konbine” oswa “CSE” pou kout. Medikaman yo enjekte nan likid epinyè a ki benyen nè yo ak mwal epinyè a kòmanse soulajman apeprè 5 minit pi vit. Pafwa yo bay yon sèl dòz medikaman, san yo pa kite yon katetè. Se sa ke yo rekonèt kòm yon rachi, ki kon fet pou sézaryen.

### Konbyen tan soulajman doulè a dire?

Lè yo mete katetè a epi yo tepe li sou do ou, yo ka kontinye bay medikaman pou doulè, ak yon ponp espesyal, pandan tout tan ou bezwen li—angeneral jiska yon ti tan apre akouchman an. Si yo bay yon sèl dòz medikaman ak yon rachi, yon sèl dòz ka dire apeprè 90 minit. Lè katetè a tache ak yon ponp medikaman, ou ka jwenn yon bouton ou ka peze pou bay tèt ou dòz siplemantè pou doulè, jan ou decide ou bezwen. Docteur a programmé ponp nan en avance, pou ou pas ka prends trop medikaman. Li pa etranj pou founisè swen anestezi a oblije retounen pandan akouchman pou li bay lòt dòz (10-40% pasyan), sitou lè w pre akouchman an.





## KISA KI BENEFIS YO?

Soulajman doulè ak yon peridural se kalite soulajman doulè ki pi efikas ki disponib pou tranche- li anpeche soufri epi li ede manman gen yon eksperyans nesans pozitif. Anplis, li pèmèt yon fanm konplètman reveye et participé nan eksperyans nesans la. Anjeneral, yo itilize konsantrasyon trè fèb nan medikaman angoudisman de doulè pou tranche, kidonk sèlman yon ti kantite antre nan san manman an. Kontrèman ak anpil lòt kalite soulajman doulè tankou medikaman nan venn ak dwòg moun respire, li pa lakòz somnolans, epi li an sekirite pou ti bebe a.

Lè yo mete peridural la, kèk fanm ka santi yo dòmi paske doulè yo te genyen finalman soulaje, men se pa paske medikaman yo menm lakòz somnolans. Sa a bay yon chans pou fanm nan ak patnè nesans la repoze (menm dòmi) pandan tranche a. Akòz doulè tranche a, nivo òmòn estrès yo ogmante. Soulajman doulè peridural ede bese òmòn estrès, sa ki ka ede diminye tansyon ak batman kè, ki pafwa vin wo akòz doulè tranche a. Li pèmèt anestezi pi fasil, ak potansyèlman pi an sekirite pou yon livrezon sezaryèn. Si obstetrisyen ou yo deside ke yon akouchman sezaryèn nesèsè, yo ka bay plis medikaman angoudisman pi fò nan katetè nan do a. Sa a evite bezwen pou yon nouvo piki nan do oswa anestezi jeneral (ale konplètman nan dòmi epi bezwen yon tib pou respire).



## KISA KI RISK OU KONPLIKASYON YO?

Tankou nenpòt pwosedi, risk la pa janm zewo, men nan ka sa a, benefis yo pi gran pase risk yo. Pafwa konplikasyon ka rive, men si yo rive, laplipa fasil pou jere san move rezilta pou fanm lan oswa ti bebe a.

### Serious risks are very rare

#### Risk grav

trè ra  
1:170,000 - 1: milyon

Boul san (*ematom*) andedan kolòn vètebral la

trè ra  
1:50,000 - 100,000

Enfeksyon nan kolòn vètebral la (*absè*) oswa alantou sèvo a (*menenjit*)

trè ra  
1:250,000

Gwo domaj nan nè

#### Risk mwens grav

Ra

Konplikasyon nan katetè ki nan move kote, sa ki lakòz enjeksyon medikaman nan likid epinyè a oswa nan san

Estraòdinè  
1:100 - 500

Move tèt fè mal

Komen  
1:10 - 50

Soulajman doulè ki manke oswa soulajman doulè yon sèl kote ki bezwen ranplasman peridural la



## KISA EFÈ SEGONDÈ (POSIB) YO YE?

**Tansyon ka bese.** Yo tcheke tansyon ou chak kèk minit imedyatman apre yo fin mete peridural la. Si tansyon ou bese, founisè anestezi ou yo pral bay likid nan venn epi pètèt medikaman pou ogmante tansyon ou. Anjeneral bès nan tansyon an kout epi li reponn byen vit ak tretman an.

Grate



Lafyè



Janm lou



**Doulè nan do a pou kèk jou**

Epidural pa lakòz doulè nan do ki dire lontan, men li komen apre nenpòt ki gwosès, akòz efè nòmral gwosès la sou misk yo ak ligaman do yo.



## ÈSKE LI LIMITE ABILITE POU MANJE, DEPLASE, MACHE OSWA ABILITE POU POUSE LÈ LÈ A VINI?



Anjeneral ou oblije rete nan kabann apre'w fin resevwa yon peridural epi anjeneral ou gen dwa sèlman bwè likid klè. Li pa an sekirite pou mache apre sa paske ou ka gen feblès, diminye sansasyon nan pye yo, pèt balans, ak pi gwo risk pou ou tonbe. Fò ou balanse dezi ou kontinye leve epi mache ak dezi ou jwenn soulajman doulè lè'w ap pran desizyon an pou jwenn yon peridural. Peridural la kapab retire sansasyon pou ou pipi, kidonk yo anjeneral mete yon tib (san doulè) pou drenaj pipi nan vesi ou.



## ESKE GEN YON REZON MWEN PA KA JWENN YOUN? ÈSKE TAN A ENPÒTAN - ÈSKE LI TWÒ BONÈ OSWA TWÒ TA POU JWENN YONN?

Gen kèk kondisyon medikal ki ka vle di li pa an sekirite oswa trè difisil pou mete yon peridural. Kèk egzanp se pwoblèm ak san kayo, oswa pran medikaman ki fè san pi dlo, oswa move enfeksyon. Se poutèt sa pran istwa medikal ou epi pafwa tès san ka nesèsè anvan yo ka mete yon peridural. Yon fanm ka jwenn yon epidural prèske nenpòt ki lè nan tranche a. Si ti bebe a pre pou li akouche, li ka twò ta.



## ESKE LAP RALANTI TRANCHE MWEN?

Lè'w gen yon peridural, li ka fè etap pouse nan tranche api long nan apeprè 30 minit nan majorite moun, epi potansyèlman jiska 50 minit. Men dabitid tan a pa aparann pou ou paske tranche a long de tout fason.



## KIJAN PWOSEDI A FÈT? ÈSKE LI FÈ MAL? ESKE LI DANJERE POU OU BOUJE PANDAN PWOSEDI A?

- Epidural yo anjeneral fèt nan sal travay kote w gen plan pou akouche.
- Ou ka espere gen yon vwa nan venn, siveyans tansyon, batman kè, epi pètèt nivo oksijèn san ou ak yon sond sou dwèt ou, anplis kontwole batman kè ti bebe a ak kontraksyon matris la.
- Pozisyon peridural la ka swa chita oswa kouche sou bò, ak do'w koube tankou lèt "C". Founisè anestezi yo pral eksplike ki pozisyon ki pi bon an, selon sitiyasyon an oswa preferans yo.
- Se yon pwosedi esteril, kidonk moun k'ap fè peridural la ap mete yon mask ak gan esteril epi netwaye do'w ak likid antiseptik.
- Yo bay medikaman local anestezi ak yon ti zegwi. Li sanble ak medikaman angoudisman yo bay ka dantis la epi li se yon santiman ki sanble ak kòmanse yon vwa nan venn.
- Apre zòn nan angoudi, li nòmal pou santi presyon nan do a lè yo itilize zegwi peridural la pou jwenn espas ki kòrèk la.
- Li ka pran plizyè minit pou mete peridural la- tout moun yon ti jan diferan epi chak fwa li fèt, li ka santi yon ti jan diferan. Yon fwa li nan bon kote a, katetè a pase nan espas peridural la a travè zegwi a epi yo retire zegwi a. Pa gen anyen file ki rete nan do ou.
- Li enpòtan pou'w pa bouje epi pa fè okenn mouvman toudenkou pandan pwosedi a. Li ede moun ki bay anestezi a konnen lè yon kontraksyon ap vini.







### ÈSKE LAP OGMANTE RISK MWEN POU GEN YON AKOUCHMAN SEZARYEN?

Yon peridural pa pral ogmante risk pou'w gen yon akouchman sezaryèn. Li ta ka yon ti kras ogmante risk pou obstetrisyen an bezwen akouche ti bebe a ak zouti espesyal tankou yon vakyòm oswa fòsèps.

### ÈSKE GENYEN NENPÒT DANJE POU TI BEBE MWEN?

Peridural yo san danje pou ti bebe'w la. Mwens medikaman antre nan san'w pase si'w jwenn lòt kalite medikaman pou doulè, tankou atravè yon venn oswa medikaman ou respire.

### ÈSKE PATNÈ MWEN KA RETE AVÈK MWEN PANDAN PWOSEDI A?

Sa depann de politik endividyel enstitisyon yo.

### ÈSKE LAP AFEKTE ABILITE MWEN POU'M BAY TETE?

Pridural la pa pral anpeche'w bay ti bebe'w la tete.



**Disclaimer:** *The educational materials presented here are the individual authors' opinions and not medical advice, are not intended to set out a legal standard of care, and do not replace medical care or the judgment of the responsible medical professional in light of all the circumstances presented by an individual patient. The materials are not intended to ensure a successful patient outcome in every situation and are not a guarantee of any specific outcome. Materials are subject to periodic revision as additional data becomes available. The opinions, beliefs and viewpoints expressed by the authors do not necessarily reflect the opinions, beliefs and viewpoints of SOAP or any of its members, employees or agents.*

**SOAP**  
Society for Obstetric  
Anesthesia and Perinatology

Learn More at [SOAP.org](http://SOAP.org)